

**RETORIKA PERSUASIF SAJRONE CERAMAH AGAMA USTADZAH KHARISMA YOGI NOVIANA ING
MEDHIA YOUTUBE
(TINTINGAN PRAGMATIK)**

Wahnan Najjakh

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, Unesa, wahnannajjakh@gmail.com

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, Unesa

Abstrak

Retorika yaiku seni wicara utawa kawasisan ngolah basa sing bisa nuwuhake tilas ing ati lan pikirane wong sing ngrungokna. Ceramah minangka obyek retorika sing narik kawigaten kanggo diteliti sebab ceramah mujudake sawijining tuturan sing nduweni tujuan mrabawani mitrawicarane. Punjer panliten kadadegan saka 3 perangan yaiku (1) Kepriye bentuk retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube* lan (2) Fungsi retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube*. Panliten iki nduweni tujuwan bisa medharake bentuk gaya retorika, sesambungan antarane gaya basa lan tindak tutur ilokusi, sarta fungsi retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma ing medhia *Youtube*. Panliten nggunakake teori retorika saka Aristoteles lan disengkuyung dening teori tindak tutur ilokusi saka Searle. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku deskriptif kualitatif. Tatacara nglumpukake dhata nggunakake teknik simak catet, lan asil dhata dianalisis nggunakake teknik analisis isi. Asil saka panliten ditemokake 10 gaya basa lan 10 fungsi. Gaya basa sing diasilake antarane yaiku anadiplosis, epizeuksis, simpleke, mesodiplosis, epanalipsis, tautotes, epifora, antitesis, hiperbola, lan simile. 10 fungsi retorika persuasif yaiku pawarta, pranyatan, lapuran, prentah, akon, pratikel, pitutur, pujian, kritik, lan panglipur.

Tembung Wigati : Retorika Persuasif, Ceramah Agama, Ustadzah Kharisma Yogi Noviana, Medhia Youtube

Abstrak

Retorika adalah seni berbicara atau ketrampilan mengolah bahasa yang bisa memberikan kesan di hati dan pikiran orang yang mendengarkan. Ceramah agama merupakan obyek retorika yang menarik perhatian untuk diteliti sebab didalam ceramah banyak mengandung tuturan yang sifatnya persuasi. Masalah yang akan dikaji dalam penelitian ini adalah (1) Bagaimana bentuk retorika persuasif dalam ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana di media *youtube* lan (2) Fungsi retorika persuasif dalam ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana di media *youtube*. Tujuan penelitian ini adalah mengetahui gaya retorika, hubungan antara gaya bahasa dan tindak tutur ilokusi, serta fungsi retorika persuasif dalam ceramah agama Ustadzah Kharisma di media *Youtube*. Teori yang digunakan adalah teori retorika dari Aristoteles dan dikuatkan dengan teori tindak tutur ilokusi dari Searle. Metode yang digunakan dalam penelitian adalah deskriptif kualitatif dengan teknik simak catat sebagai cara mengumpulkan data. Data yang telah terkumpul kemudian dianalisis menggunakan teknik analisis isi. Hasil dari penelitian ini ditemukan 10 gaya basa dan 10 fungsi. Gaya basa yang didapat diantaranya yaitu anadiplosis, epizeuksis, simpleke, mesodiplosis, epanalipsis, tautotes, epifora, antitesis, hiperbola, dan simile. Serta 10 fungsi berita, pernyataan, laporan, perintah, ajakan, saran, pujian, kritik, lan hiburan.

Kata Kunci : Retorika Persuasif, Ceramah Agama, Ustadzah Kharisma Yogi Noviana, Medhia Youtube

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Retorika yaiku kawasisan ngolah basa saka bakat alam (*talent*) utawa katrampilan teknis kanggo nuwuhake tujuwan tartamtu. Retorika bisa tuwuh sajrone tuturan utawa tulisan, sebab basa mujudake medhia retorika. Tujuwan retorika sajrone tuturan yaiku akeh-akehe kanggo persuasi. Persuasi yaiku sipat ngyakini kabeneran pamikiran wong liya liwat apa kang wis diandharake. Saka teges kasebut bisa ditarik dudutan menawa retorika persuasif yaiku kawasisan ngolah basa

kanggo ngyakini wong liya liwat pamikiran lan gagasan kang diandharake.

Ceramah agama yaiku kagiyatan medharake pesen marang wong sing ngrungokake utawa masyarakat kanggo menahi pitutur sarta tambahan kawruh babagan ilmu agama. Ceramah agama biyasae diwedharake dening wong nduweni keahliyan utawa mumpuni ing bidhang agama kayata para da'i lan ustadz. Saben ustadz utawa da'i sing ceramah mesthi nduweni gaya ceramah sing beda-beda. Wiwit saka sing gayane mbanyol nganti sing serius tenanan. Sajrone komunikasi dakwah,

efektivitas komunikasi gumantung karakteristik komunikator. Dadi dakwah sing gampang ditampa bisa dititiki saka ciri khas pedakwah (komunikator) sajrone nuwuhake sesambungan komunikasi. Tuladhane kaya Ustadz Jefri Al Bukhori (Ustadz Uje) sing kawentar kanthi aran ustadz gaul. Ustadz iki nduweni ciri sing santai, gapyak, lan *gaul* sajrone medharake ceramah. Gaya iki akeh disenengi dening para mudha lan ibu-ibu. Rupane sing bagus lan kaprigelane ngolah tetembungan ndadekake para jamaah kasemsem lan gampang nampa apa sing diwedharake. Semono uga swarane sing endah nalika nglagokake lagu utawa shalawat uga nambahi trenyuhe ati.

Ustadzah Dedeh Rosyidah Syarifudin utawa sing kerep disapa Mamah Dedeh uga nduweni karakteristik liya sajrone ceramah. Gayane sing teges, lugas, lan bantas dari ciri khas ustadzah kelairan Ciamis iki. Pembawaane sing galak lan ceplas-ceplos sajrone medharake ceramah antuk respon sing apik saka masyarakat. Mligine golongan ibu-ibu. Kabukti saka salah siji stasiun TV sing rutin nyiarake program pengajian saben isuk. Tuturane sing *to the poin* lan cetha ndadekake apa sing dikarepake gampang ditampa dening para jamaah. Lelandhesan utama kanggo ngonceki masalah utawa prakara agama mesthi njupuk saka Analogi Qur'an lan hadist. Dadi apa sing diandharake kudu mantep dhasar lan katranganane. Mamah Dedeh kagolong penceramah sing ora akeh nyuguhake humor, nanging saka swarane sing nyaring lan gaya ngguyune sing khas dadi salah siji panglipur sing nyegerake swasana pengajian.

Retorika sajrone panliten iki yaiku seni wicara kanggo narik kawigaten lan upaya mrabawani pikiran lan atine jamaah kanthi nggunakake kaidah-kaidah retorika. Kajian retorika diwangun saka bentuk lan fungsi retorika. Saka lelandhesan kasebut mula perangan sing bakal dikaji ing panliten retorika persuasif iki yaiku bentuk lan fungsi retorika sajrone ceramah agama ustadzah Kharisma Yogi Noviana sing dijupuk saka medhia *youtube*.

Karakteristik sing beda uga ditindakake dening Ustadzah Kharisma Yogi Noviana sajrone ceramah. Ustadzah ayu tur kenes saka Madiun iki uga nduweni gaya retorika dhewe. Gaya retorika sing digunakake sajrone ceramah yaiku analogi lan maca ayat Al-Qur'an ing wiwitan ceramah. Medhia sing digunakake kanggo njlentrehake pesen yaiku wayang. Kanthi swara sing endah lan kawasisan sing mumpuni sajrone nembang utawa sholawatan, ustadzah Kharisma bisa ndhudhah kawigaten lan reaksi jamaah sing becik. Sehingga ora mung bisa nglipur nanging uga menehi tambahan kawruh bab agama lan kabudayan Jawa.

Underane Panliten

Lelandhesane panliten kang diandharake ing dhuwur bisa nuwuhake jlentrehan underane panliten ing ngisor iki.

- (1) Kepriye bentuk retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube*?

- (2) Kepriye fungsi retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube*?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur. Ancas saka panliten iki yaiku:

- (1) Njlentrehake deskripsi bentuk retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube*.
- (2) Njlentrehake deskripsi fungsi retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia *youtube*.

Paedahe Panliten

Paedah panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Paedah teoritis ing panliten iki yaiku dikarepake bisa nambahi kawruh lan migunani turap ilmu pragmatik, mligine kajian retorika sing nduweni gegayutan karo keagamaan lan gaya ceramah. Bentuk retorika lan fungsi bakal ditintangi nggunakake analisis pragmatik. Dene paedah praktis yaiku supaya panliten iki bisa didadekake sumber kawruh kanggo wong sing nduweni kapentingan utawa uga sapa wae sing mbutuhake. Kayata rujukan kanggo mangerteni pangrembagan gaya bahasane para ustadz/ustadzah nalika medharake ceramah utawa dhakwah supaya luwih narik kawigaten lan tuwuh variasi anyar.

Panjlentrehan Tetembungan

Supaya ora metu saka konsep irah-irahan, mula panjlentrehan tegese tetembungan nggunakake kaya ing ngisor iki.

- (1) Retorika yaiku teknik nggunakake basa minangka seni, arupa lisan utawa tulis, lan dilandhesake marang kawruh sing wis nggunakake susunan kanthi becik. Gorys Keraf (sajrone Abidin, 2013:54)
- (2) Persuasif mujudake usaha mrabawani tanggapan lan tumindak wong liya suapa nindakake tujuan sing dikarepake kanthi cara alus (Kaffer, 2011:118)
- (3) Gaya basa yaiku cara medharake pamikiran liwat basa sing khas kanggo nuduhake kapribadhen lan jiwa pangripta (Gorys Keraf, 2007:113)
- (4) Fungsi retorika yaiku nyakinake pangrungu kanthi nggunakake kabeneran gagasan sing andharake (Abidin, 2013:58)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Panliten kapisan ditindakake dening Musyafa (2009), [Mahasiswa Komunikasi Penyiar Islam, Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga, Yogyakarta] kanthi irah-irahan *Retorika Dakwah Suyanto S. Ag. Dalam Pengajian*. Objek sajrone panliten iki yaiku retorika dhakwah, dhata sing digunakake arupa ukara-ukara verbal, sarta dijupuk saka dhokumen pribadhi, catatan laporan, lan cerita responden. Asil panliten iki yaiku sajrone medharake pesen, Suyanto luwih akeh wis bisa nggunakake kaidah-kaidah retorika sing ana, senajan

isih ana saperangan ceramah sing mung nggunakake komponen retorika tartamtu sing bisa nuwuhake selehgenje sajrone mangerteni pesen sing ditujokake Suyanto marang jemaah. Underane panliten arupa bentuk komposisi pesan, cara nggunakake basa lan sikap persuasif.

Panliten saemper sabanjure yaiku kanthi irah-irahan *Retorika Persuasi Sebagai Upaya Mempengaruhi Jemaah pada Teks Khotbah Jum'at* dening Sukarno (2013). Punjer andharan panliten pisanan sing saemper yaiku ngenani teknik-teknik retorika persuasi. Dene ing panliten iki yaiku retorika persuasif sing nyakup gaya lan fungsine. Dhata sajrone panliten sing saemper iki dijupuk saka observasi partisipan, dene ing panliten iki dhata wujud arupa tuturan. Asil panlitene nuduhake yen retorika persuasi sajrone khotbah jum'at dicakake kanthi saperangan teknik, kayata teknik persuasi langsung lan ora langsung, nggunakake majas, acuan, cerita, analogi, lan teknik hubungan sebab-akibat. Teori sing digunakake ing panliten pisanan padha karo teori sing digunakake ing panliten iki.

Panliten katelu ditindakake dening Sunu Ekawati (2016) kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H Anwar Zahid sajrone Pengajian Umum ing Desa Kanorejo Kecamatan Rengel Kabuten Tuban*. Panliten iki yen dideleng saka wawasan masalah lan uga teori sing digunakake bisa diarani ora memper, nanging sing memperake panliten iki lan panliten sing daktindakake yaiku tindak tutur sing tuwuh sajrone ceramah agama. Sajrone panliten sing daktindakake iki uga ngandhut babagan ilokusi. Sumber dhata saka kekarone uga memper amarga padha-padha nлити ceramah agama. Bedane ing subjek panliten. Panliten nggone Sunu Ekawati dhatae nggawe ceramah K.H Anwar Zahid, dene panliten sing dakgarap dhatae dijupuk saka ceramah Ustadzah Kharisma Yogi Noviana.

Pragmatik

Pragmatik yaiku cabang saka linguistik sing nggunakake basa minangka obyek, kayadene pacaturan utawa wacana. Miturut Wijana (1996: 2) makna sing ditindingi nganggo pragmatik yaiku makna sing kaiket dening konteks (maksud tuturan). Beda uga karo semantik sing nitingi makna sing bebas konteks kayata makna linguistik. Semantik ora bisa pisah saka tintingan fungsi basa. Yen makna dianggep bagiyane sing penting saka basa mula angel menawa konteks dianggep ora penting. Sebab makna basa bisa owah adhedhasar konteks digunakake. Konteks tuturan sajrone basa sing beda bisa nduweni teges sing padha, semana uga sewalike. Tuturan sing padha bisa nduweni teges utawa maksud liya.

Miturut Tarigan (2009:29) pragmatik yaiku telaah ngenani makna kang nduweni sesambungan karo konteks tutur. Pragmatik kalebu cabang linguistik kang nyinaoni basa sajrone komunikasi. Nalika nindakake komunikasi, sawijine maksud saka tuturan bisa dijlentrehake kanthi saperangan werna. Kayata maksud mrentah wong liya, panatur bisa njlentrehake tujuwan tuturane liwat ukara imperatif, ukara deklaratif, utawa nggunakake ukara interogatif. Wiwit saka iku kajian pragmatik condhong ning bab fungsional tinimbang formal. Iki sing mbedakna

antarane pragmatik lan semantik. Bidang semantik mengkaji satuan lingual (tembung utawa ukara) kanthi satuwan analisis makna, dene pragmatik nitingi maksud tuturan kanthi satuan analisis arupa tindak tutur (*speech act*).

Pragmatik tumrap Ceramah

Pragmatik tumrap ceramah nduweni sesambungan sing ora bisa dipisahake. Sebab medhia sing digunakake sajrone ceramah mujudake obyek saka cabang linguistik yaiku pragmatik. Miturut Surana (2015) Basa sajrone pacaturan wong loro utawa kelompok nduweni kalungguhan sing penting. Basa minangka alat sing dibutuhake sawijining kelompok sajroning pacaturan. Ceramah mujudake salah sawijining cara kanggo medharake pesen lumantar lisan sing ditindakake kanthi tujuwan tartamtu. Ceramah kagolong sajrone ragam basa lisan utawa bagiyane saka tindak tutur. Pragmatik tumrap ceramah minangka alat kanggo nitingi basa sing digunakake sajrone ceramah. Pragmatik nengenake telaah makna kang nduweni gegayutan karo konteks sajrone pacaturan. Luwih jembar maneh ing ngisor iki bakal dak andharake ngenani babagan ceramah.

Pragmatik tumrap Stilistika

Pragmatik lan stilistika nduweni sesambungan sajrone praktek nggunakake basa. Yen basa diumpamakna bal mula stilistika yaiku gaya/teknik saka pemain (panatur) sajrone nggiring bal supaya bisa tumuju gawang kanthi nyethak gol (tujuwan tuturan). Dadi basa minangka medhia sing tujuwan lan fungsine bisa kawujud gumantung subjek sing nggunakake. Stilistika Pragmatik nduweni kajian basa sing khas sajrone nggunakake wacana tartamtu. Kayata wacana sastra lan wacana nonsastra. Ceramah bisa kalebu perangan wacana nonsastra mula ancangan teorine ora kudu nggunakake linguistik umum (linguistik sintaksi), nanging linguistik terapan.

Retorika

Retorika asale saka tembung “rhetorie” (basa Yunani) sing nduweni teges seni pidhato utawa seni wicara. Sajrone basa Arab dikenal kanthi aran “fannul khitobah” lan sajrone basa Inggris nduweni aran “*the peach of art*”. Luwih cethane ing Encyclopedia Britaninica retorika yaiku “*The art using language in such a was to produce a desired impress open heare and reader*” sing tegese seni nggunakake basa kanggo ngasilake kesan marang wong sing ngrungokake lan wong sing ngomong. Jalaludin Rakhmat ngandharake retorika yaiku rasio lan cita rasa saka basa minangka kawawasan kanggo komunikasi ing pikiran (Rakhmat, 2012:5).

Retorika yaiku sawijine aran sing njlentrehake teknik nganggo basa minangka seni, sing nduweni lelandhesan susunan kawruh sing apik. Ana rong perangan sing kudu dimangerteni sajrone retorika, yaiku kawruh ngenani basa lan cara nggunakake basa kanthi becik, lan kapindho kawruh ngenani objek tartamtu sing diwedharake lumantar basa kasebut (Abidin, 2013:17). Dadi, retorika kudu disinaoni dening wong sing nggunakake basa sing becik kanggo nggayuh tujuwan

tartamtu. Kanthi aran liya, retorika yaiku sawijine kapinteran ngomong utawa pidhato. Saka asile seni ngolah tetembungan supaya luwih nengsemake. Arupa lisan utawa tulisan. Retorika bisa ditrapake lan ditata kanthi leladhesan kawruh utawa metodhe sing tumata lan becik.

Miturut Aristoteles minangka wong sing nggagas dhasar retorika ilmiah, retorika yaiku ilmu lan seni sing mulang supaya trampil nyusun lan nampilake tuturan kanthi *efektif* kanggo mrabawani wong liya. Tuturan sing *efektif* yaiku tuturan sing njlentrehake kasunyatan, tumata kanthi sistematis lan ilmiah, ngolah lan nguwasani topik tuturan, sarta nduweni alasan pendhukung utawa argumen. (Abidin, 2013:52).

Retorika pragmatik yaiku seni nggunakake basa kanthi nengeneke unsur pragmatis. Ngunakake basa bisa diwujudake kanthi nggunakake tuturan sajrone konteks. Tuturan sing digunakake partisipan tutur sajrone konteks interaksi bisa dianggep minangka tindak tutur. Richard (1995:6) ngandharake yen tindak tutur mujudake tumindak. Tegese saben tumindak tutur bisa nuwuhake tindak tutur. Hakikat tindak tutur yaiku maksud tuturan minangka tumindak sing diarepake sajrone tuturan. Tindak tutur mujudake unit paling cilik saka pacaturan sing kadadayan sajrone interaksi sosial. Tindak tutur nduweni fungsi. Fungsi tindak tutur iku kayadene sing diandharake (Leech, 1993:176). Fungsi tindak tutur antarane yaiku menahi pawarta, mrentah, takon, lan sapiturute. Wijana (1986:28) uga nduweni pamawas yen tindak tutur bisa diwujudake kanthi tuturan bermodus deklaratif, interogatif, lan imperatif langsung utawa ora langsung kanthi makna literal utawa ora literal.

Gaya Retorika

Basa mujudake medhia retorika, dene retorika kerep digunakake minangka ilmu wicara sing dibutuhake saben wong, (Abidin, 2013:61). Retorika minangka perangan saka ilmu basa diperang dadi loro (Hendrikus, 1992:16-17).

(1) Monolog

Monolog yaiku pacelathon sing ditindakake dhewean. Sajrone monolog mung ana siji sing ngomong, dene saliyane dadi sing ngrungokake.

(2) Dhialog

Dhialog yaiku pacelathon sing diucapake sambung sinambung antarane salah sawijining wong klawan liyane. Dhialog bisa ditindakake dening wong loro utawa luwih. Bentuk saka dhialog bisa arupa dhiskusi, musyawarah, pacelathon lan dhebat.

Teknik sajrone retorika persuasif diperang dadi loro, yaiku persuasif langsung lan persuasif ora langsung. Teknik persuasif langsung bisa dititik saka pola ukara sing digunakake yaiku ukara prentah (modus imperatif) sing kerep diperalus nganggo tuturan sing alus.

Retorika dianggep dadi gegaman kanggone para ustadz lan muballigh, iki disebabake supaya para ustadz lan muballigh bisa ngomong ing ngarep umum kanggo nyampekake ajaran agama kanthi bener lan bener. Miturut Keraf (2010:1) ana rong aspek sing kudu dikuwasani dening orator, yaiku kawruh ngenani basa lan

carane nggunakake basa kanthi trep, sarta kawruh ngenani objek tartamtu sing disampekake dening basa kasebut. Mula saka iku, supaya bisa nggayuh tujuwane para ustadz, prelu dimangerteni apa wae komponen-komponen pokok sajrone retorika. Saperangan pokok seng prelu digatekake sajrone retorika yaiku :

(1) Tata Urutan Pesen

Bentuk saka ceramah meh padha karo pidhato, diwiwiti saka purwaka, andharan, lan panutup. Saka pamikiran sing inti banjur dijabarake lan dijlentrehake sajrone purwaka, andharan, lan panutup. Nanging sejatine sing prelu digatekna yaiku kepriye carane ngatur komposisi lan bentuk ceramah sing ringkes lan sistematis sehingga adoh saka tuturan sing nggladrah lan metu saka konsep. Tujuwan sing ora bisa ditampa kanthi cetha ndadekake para jamaah bosen lan males ngrungokake. Mula supaya bisa kacipta bentuk lan susunan sing becik, dibutuhake komposisi pesen sing cocok lan gumathuk karo tema. Akeh ditemokake ceramah sing dawa dan suwe wektune nanging jamaah ora oleh apa-apa saka asile ceramah. Iki dinyana amarga penceramah nduweni bahan sing akeh nanging ora bisa ngolah lan ngatur tuturan sing diucapake, sarta durung bisa ngecakake kanthi cundhuk lan trep. Miturut Rakhmat, (2012:32) teling prinsip kanggo ngatur komposisi bentuk pidhato yaiku kesatuan, pertautan, lan titik berat.

Jinise Gaya Basa Retoris

Miturut Burhan Nurgiyantoro (1998:296) pemajasan mujudake teknik medharake basa, penggayabahaan sing maknane ora ngrujuk marang makna tetembungan sing ndhukung, nanging sajrone makna sing ditambahake, kinandhut makna sajrone. Dadi, bisa diarani yen pemajasan iku kalebu lelewane basa sing manfaatake basa kiasan. Basa kiasan yaiku basa sing digawe kanggo medharake samubarang kanthi ora nuduhake langsung objek sing dituju. Miturut Abidin (2013:74) Lelewane basa yaiku cara nggunakake basa supaya daya unglap utawa daya tarik utawa karo-karone nambah. Abidin sajrone bukune mbagi lelewane basa dadi lima kelompok, yaiku:

- Lelewane Basa Perbandhingan

Lelewane basa perbandhingan yaiku basa kiyasan sing madhakna siji karo sijine kanthi nggunakake tembung-tembung bandhingan. Aran liyane, lelewane basa perbandhingan yaiku gaya basa sing ngandhut maksud mbandhingake rong perkara sing dianggep mirip utawa nduweni sipat sing padha (bentuk) saka rong perkara sing dianggep padha. Gaya basa perbandhingan antarane yaiku:

1. Hiperbola

Miturut Keraf, Hiperbola yaiku lelewane basa sing ngandhut ucapan sing luwih utawa digedhe-gedhekna (Keraf, 2010:135). Kanthi teges liya hiperbola yaiku gaya

basa sing ngandhut ucapan sing luwih gedhe saka kasunyataane (Abidin, 2013:75).

2. Personifikasi

Pradopo ngandharake personifikasi yaiku kiasan sing madhakna barang karo manungsa, benda-benda mati dianggep bisa nindakake pakaryan lan mikir kaya manungsa (Pradopo,1995:77). Panemu kasebut nyiratake yen personifikasi yaiku gaya basa madhakna samubarang sing mati kaya-kaya urip utawa nduweni sipat kemanusiaan.

3. Metafora

Keraf nduweni penganggapan yen metafora iku sajinis analogi sing nadingake rong perkara lanthi langsung, tetep sajrone bentuk sing cekak (Keraf, 2010:139).

Goys Keraf njlentrehake yen eponim yaiku gaya basa sing nyambungake pawongan karo sipat tartamtu, sehingga jeneng kasebut digunakna kanggo nuduhake sipat. Kanthi aran liya, eponim yaiku nggunakake jenenge wong sing dipadhakna karo dhasare sipat sing nempel kraket ing wong kasebut. (Keraf, 2010:142)

4. Simile

Simile yaiku tetandhingan sing sipate eksplisit. Tetandhingan sing asipat eksplisit yaiku ngandharake samubarang kanthi langsung padha karo perkarane. Upaya kanthi cara eksplisit kanggo nuduhake pepadhan yaiku nggunakake tetembungan kaya, padha, minangka, kaya dene, padha dene, lan sapiturute (Keraf, 2010:142).

b. Gaya Basa Perulangan (Mbolan mbaleni)

Gaya basa mbolan mbaleni yaiku gaya basa sing mbaleni tembung mbaka tembung, bisa bageyan ngarep, tengah, utawa pungkasan ukara. Gaya basa perulangan iki antarane yaiku :

1. Anafora

Anafora yaiku gaya basa sing wujudé mbolan-mbaleni tembung pisanan sajrone tembung sabanjure.

2. Anadiplosis

Anadiplosis yaiku tembung utawa frasa pungkasan saka sawijine ukara dadi tembung utawa frasa pisanan ing saka klausa utawa ukara sabanjure. (Keraf, 2010:128).

3. Mesodiplosis

Mesodiplosis yaiku gaya basa repetisi sing nggunakake bolan-balen ing tengah-tengah baris utawa ukara kanthi urut (Ade, 2002:28).

4. Epanalipsis

Keraf njlentrehake yen epanalipsis yaiku mbaleni tembung pungkasan saka baris klausa, utawa ukara kanggo mbaleni tembung pisanan (Keraf, 2010:128).

5. Epizeukis

Epizeukis yaiku gaya basa repetisi sing sipate langsung saka tetembungan sing penting lan dibolan-mbaleni maneh kanggo nyethakna (Ade, 2002:30).

c. Gaya Basa Pasemon

Gaya basa pasemon utawa ironi yaiku dhasar kanggo ngucapake samubarang kanthi makna sing liya saka isi sing kinandhut sajrone teroncen tetembungan. Gaya basa pasemon antarane yaiku:

1. Sinisme

Keraf nduwe panemu yen sinisme yaiku gaya basa minangka pasemon sing bentuke nguwatirake, sing ngandhut ngina marang kaeklasan lan katulusan ati (Keraf, 2010:143).

d. Gaya Basa Cengkahan (Pertentangan)

Gaya basa cengkahan yaiku gaya basa sing maknane beda karo makna-makna umume. Gaya basa cengkahan diperang dadi papat, yaiku:

Ade ngandharake yen Antitesis yaiku gaya basa sing nggunakake leburan tembung sing nduweni makna seje (Ade, 2002:26).

e. Gaya Basa Penegasan (katrangan sing cetha)

Gaya basa pacethan yaiku gaya basa sing digunakake kanggo mbaleni tetembungan sajrone sak baris ukara. Gaya basa iki diperang dadi loro, yaiku:

1. Tautosos

Tautosos yaiku gaya basa nggunakake bolan-balen sajrone konstruksi (Ratnah, 2009:443)

2. Epifora

Epifora utawa epistrofa yaiku gaya basa mbaleni pungkasan ukara kanthi runtut ing saben baris (Ratnah, 2009:442)

Pamarekan Tindak Tutur

Tindak Tutur (speech act) yaiku unsur pragmatik sing kawangun saka panutur, mitra tutur, lan apa sing dituturake utawa tuturan. Tindak tutur mujudake salah sawijining perangan pragmatik sing paling onja. Pragmatik lan tindak tutur nduweni sesambungan sing caket. Perkara kasebut bisa dideleng saka bidhang kajiane. Kanthi umum antarane tindak tutur lan pragmatik nduweni pepadhan yaiku mbahas makna tuturan sing cundhuk karo konteks.

Miturut Chaer (2004 : 16) tindak tutur mujudake gejala individual, asipat psikologis lan tumindake ditamtokake dening kamampuhan basa panutur sajrone ngadhepi kahanan tartamtu. Austin (1962) sajrone “*How to do Things with Words*” ngandharake yen nuturake sawijining ukara tartamtu bisa ditegesi minangka tumindak. Austin mbedakna 3 jinis tumindak sing nduweni sesambungan karo tuturan yaiku lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Searle (sajrone bukune *speech acts : an essay in the philosophy of language (1962)*) ngandharake kanthi pragmatis ana 3 jinis tumindak sing bisa dituwuhake sebab tuturan, yaiku tindak lokusi (*locutionary act*), tindak ilokusi (*illocutionary act*) lan tindak perlokusi (*perlocutionary act*). Saka panemu kasebut, Austin lan Searle (1969) nyampurnakake teori ngenani tindak tutur sadurunge lan nggolongake tuturan-tuturan sing ana kanthi merang 3 jinis kaya ing ngisor iki:

(1) Tindak Tutur Lokusi

Tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur sing fungsine kanggo menehi pawarta. Miturut Wijana, tindak tutur lokusi nduweni fungsi kanggo menehi pawarta antarane panutur marang mitra tutur. Tindak tutur iki disebut *The Act of Saying Something*, (1996:17). Sing dadi punjer sajrone lokusi yaiku makna tuturan. Tindak tutur ilokusi ora ndeleng tuturan kanthi maksud lan fungsine. Mula ilokusi bisa dititoni kanthi gampang awit bisa dimangerteni tanpa ndeleng konteks tuturan kang ana sajrone situasi tutur. Saka pamawas pragmatik lokusi dianggep kurang wigati sajrone kajian tindak tutur. Searle (sajrone Rahardi, 2005:35) ngandharake tindak lokusioner yaiku tindak tutur kanthi tembung, frasa, lan ukara kang cundhuk karo tembung, frasa, lan ukara kasebut. Miturut Wijana (1996:17) tindak lokusi yaiku tindak tutur kanggo ngandharake samubarang.

Tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur sing ora mung winates ngomong, nanging tumindak ngucapake tembung utawa ukara kanthi makna sing trep saka tembung kasebut. Sajrone kamus makna kasebut cundhuk karo kaedah sintaksise. *Wijana* (sajrone Setiawan, 2005 : 18-19) ngandharake yen tindak lokusi yaiku tindak tutur kanggo ngandharake samubarang. Tindak tutur iki diarani *The Act of Saying Something*. Konsep lokusi yaiku konsep sing nduweni gegayutan karo proposisi ukara. Ukara utawa tuturan dianggep dadi sawijining satuan sing nduweni unsur subyek lan predikat. Sebab kanggo ngonceki ukarane bisa ditindakake tanpa mangerteni konteks tuturan. Bisa uga ditarik simpulan yen tindak tutur lokusi fungsine kanggo njlentrehake utawa menehi pawarta marang mitra tutur. Ngucapake tuturan kanthi tembung lan makna asli tanpa nduweni maksud tartamtu.

(2) Tindak Tutur Ilokusi

Wijana (1996:18-19) nduweni pamawas yen tindak ilokusi yaiku tindak tutur sing ngadhut maksud lan fungsi daya ujar. Ilokusi kalebu tindak tutur sing sipate kanggo menehi pawarta lan nindakake pakaryan kanthi maksud tartamtu. Miturut Leech (1993:316) ilokusi yaiku nindakake tumindak sajrone menehi pawarta ngenani samubarang. Tindak ilokusi gegayutan karo sapa kang nuturake, marang sapa, kapan, lan ing ngendi tindak tutur ditindakake. Dene Chaer (2004:53) ngandharake yen tindak tutur ilokusi biyasane diandharake kanthi ukara performatif sing eksplisit. Tindak tutur ilokusi biyasane nduweni sesambungan karo menehi ijin, atur panuwun, mrentah, ngenyang, lan janji.

Saka pamawas para ahli kasebut bisa ditarik simpulan yen tindak tutur ilokusi yaiku tindak tutur sing fungsine kanggo mendharake samubarang kanthi maksud supaya mitra tutur nindakake samubarang sing dikarepake panutur. Tindak ilokusi yaiku nindakake samubarang kanthi maksud lan fungsi tartamtu. Tuturan “tanganku gatel” diucapake dening panutur ora mung kanggo menehi pawarta marang mitra tutur babagan kahanan tangane sing gatel, nanging luwih saka iku panutur kepengin supaya mitra tutur nindakake pakaryan

tartamtu sing nduwe gegayutan karo rasa gatel ing tangane panutur. Kayata umpamane mitra tutur njupuk balsem, ngukurna, lan sapiturute.

Jinise tindak tutur ilokusi diperang dadi lima yaiku tindak tutur ilokusi asertif, tindak tutur ilokusi direktif, tindak tutur ilokusi komisif, tindak tutur ilokusi ekspresif, lan tindak tutur ilokusi deklaratif. Saka kalima jinis tindak tutur ilokusi kasebut bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

- (1) Tindak tutur ilokusi asertif yaiku tuturan sing tujuwane kanggo menehi tandha bab bebener. Kayata : *menyatakan, memberitahu, menyarankan, membanggakan, mengeluh, menuntut, melaporkan.*
- (2) Tindak tutur ilokusi direktif yaiku ilokusi sing nuwuhake daya arupa tumindak sing ditindakake mitra tutur. Kayata : *memesan, memerintahkan, memohon, meminta, menyarankan, mengajukan, memerhatikan.*
- (3) Tindak tutur ilokusi komisif yaiku ilokusi sing ndadekake mitra tutur terikat marang sawijine tumindak ing mangsa sing bakal tumeka. Kayata : *menjanjikan, bersumpah, menawarkan, memanjatkan do'a.*
- (4) Tindak tutur ilokusi ekspresif yaiku ilokusi sing nuduhake sikap psikologis mitra tutur marang apa sing kasirat sajrone ilokusi. Kayata : *mengucapkan terima kasih, mengucapkan selamat, memaafkan, mengampuni, menyalahkan, memuji, menyatakan bela sungkawa, marah, mengakui, gembira, sehat, jijik.*
- (5) Tindak tutur ilokusi deklaratif yaiku tuturan sing nduweni maksud kanggo nyiptaake perkara anyar, kayata : *status utawa kahanan, njenengi, menyerahkan diri, memecat, membebaskan, membaptis, mengucilkan, mengangkat, menunjuk, menentukan, menjatuhkan hukuman, menvonis.*

(3) Tindak Tutur Perlokusi

Tindak tutur perlokusi yaiku tuturan sing nduweni daya pengaruh utawa efek kanggone mitra tutur, (Wijana, 1996:19). Tindak tutur perlokusi nduweni maksud kanggo mrabawani mitra tutur. Tumindak sing tuwuh saka asil tuturan panutur iku sing diarani perlokusi. Tuladhane “*mendunge peteng ngene kok, kayake arep udan*”. Tuturan kasebut kalebu tindak tutur perlokusi menehi anjuran. Tuturan kasebut mrabawani mitra tutur supaya nggawa payung. Konteks saka pacaturan iki simbah lagi lungguh ngarep omah banjur ngomong menyang putune sing arep budhal sekolah. Tuturane simbah ora mrentah supaya mitra tutur nggawa payung. Nanging tuturan kasebut wis bisa nuwuhake pengaruh kanggone mitra tutur. Tumindak nggawa payung sing ditindakake mitra tutur iki sing arani perlokusi.

Tindak Tutur Ilokusi lan Gaya Basa

Austin merang tindak tutur dadi telu, yaiku lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Kang diarani lokusi yaiku tindak tutur kang ngandharake sawijining babagan kanthi

wujud ukara kang ngemu teges lan bisa dingerteni (menehi informasi marang mitrawicara). Ilokusi yaiku tindak tutur kang saliyané menehi informasi marang mitrawicara, uga ngajak mitrawicara supaya nindakake apa kang diandharake dening pamicara. Dene kang diarani perlokusi yaiku tindak tutur kang nduweni daya marang mitrawicarane.

Sajatine tindak tutur ilokusi lan tindak tutur perlokusi iku meh padha. Nanging bedane yaiku yen tindak tutur ilokusi iku ngasilake wujud-wujud kang nuduhake kapenginan lan sikap penutur marang mitrawicara. Dene perlokusi iku nuduhake reaksi saka mitrawicara. Ilokusi lan perlokusi iki ndheleng konteks wicarane, yaiku sapa kang ngomong, lan ngomong marang sapa. Nanging yen ilokusi iku durung ditindakake dening mitrawicarane, dene perlokusi iku wis ditindakake dening mitrawicarane.

Searle (sajrone Leech, 1993:164-165) merang jinise tindak tutur iku yen miturut sipate dadi lima, yaiku *asertif, direktif, komisif, ekspresif, lan deklarasi*. Tindak tutur ilokusi lan gaya basa nduweni variasi sing beda. Tindak tutur ilokusi kalebu sajrone cabang ilmu linguistik yaiku pragmatik. Dene gaya basa biyasane klebu ing wilayah stilistika. Nanging sajrone panliten iki tindak tutur ilokusi lan gaya basa disambungake dadi salah sawijine undheran panliten sing narik wigati. Panliti nduweni karep supaya mangerteni sesambungan antarane gaya basa lan tindak tutur ilokusi. Sebab retorika lan tindak tutur sejatine ora bisa dipisahake. Retorika utawa gaya basa retoris sing tuwuh sajrone aspek tindak tutur sejatine mujudake karakteristik utawa keragaman basa sing diduweni dening mitrawicara minangka pelaku tutur. Saya akeh gaya basa sing digunakake sajrone tuturan, bisa nuduhake akehe katrampilan basa sing dikuwasai dening pamicara. Gaya basa sing bisa nuwuhake “daya” tartamtu marang pamaca utawa mitrawicara nitiki yen gaya basa sing digunakake wis ngayuh “plastis basa”. Plastis basa yaiku salah sawijining cara pujangga kanggo nggambarake kaendahan kanthi medharake tetembungan sing trep sajrone karya sastra. Karya sastra sing plastis biyasane nduweni basa sing dhuwur lan disenengi dening pamacane, sebab gambaran-gambaran sing diwedharake bisa menehi kauripan sing ndadekake karya kasebut luwih seger lan nduweni jiwa.

Adhedhasar andharan kasebut sesambungan antarane gaya basa lan tindak tutur nduweni sawijining aspek sing wigati kanggo diteliti. “Plastis basa” sing diwedharake ing ndhuwur bisa uga ditemokake sajrone tindak tutur ilokusi sing dituturake sajrone ceramah. Penceramah sing bisa mrabawani mitrawicara bisa ditiiki saka retorika sing digunakake sajrone tuturan. Peretorika sejati yaiku wong sing bisa mrabawani kanti ndadekake wong liya tetindak lumantar tuturan sing diucapake.

Landhesan Teori

Panliten kanthi judhul Retorika Persuasif sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing Medhia Youtube (Tintingan Pragmatik) nggunakake tintingan pragmatik sebab dhata sing diteliti ing skripsi iki kalebu basa. Ceramah yaiku pidhato sing nduweni tujuwan menehi nasehat lan pituduh marang jamaah

(*audiens*) sing tumindak minangka pangrungu. Ceramah ora bisa kawujud tanpa anane basa lan konteks. Cundhuk karo teges pragmatik miturut Tarigan (1990:33) yaiku telaah ngenani gegayutan antarane bentuk basa lan konteks.

Teori panliten kang digunakake yaiku teori retorika Aristoteles banjur disengkuyung dening teori tindak tutur Searle. Teori retorika digunakake kanggo nintingi bentuk gaya basa sing kinandhut sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana. Miturut Aristoteles minangka wong sing nggagas dhasar retorika ilmiah, retorika yaiku ilmu lan seni sing mulang supaya trampil nyusun lan nampilake tuturan kanthi *efektif* kanggo mrabawani wong liya. Tuturan sing *efektif* yaiku tuturan sing njlentrehake kasunyatan, tumata kanthi sistematis lan ilmiah, ngolah lan nguwasani topik tuturan, sarta nduweni alasan pendhukung utawa argumen. (Abidin, 2013:52).

Ceramah Agama Minangka Obyek Panliten

Ceramah agama yaiku kagiyatan medharake pesen marang wong sing ngrungokake utawa masyarakat kanggo menehi pitutur sarta tambahan kawruh babagan ilmu agama. Ceramah agama biyasae diwedharake dening wong nduweni keahlian utawa mumpuni ing bidhang agama kayata para da'i lan ustadz. Saben ustadz utawa da'i sing ceramah mesthi nduweni gaya ceramah sing beda-beda. Wiwit saka sing gayane mbanyol nganti sing serius tenanan. Ceramah agama biyasane manggon ing papan sing nduweni sesambungan karo ilmu, kaya masjid, sekolahan, majlis ta'lim lan liya-liyane.

Ceramah dipilih minangka obyek panliten sebab sajrone ceramah kinandhut aspek-aspek retorika. Saka seni wicara sing digawe dhasar sajrone retorika, ceramah mujudake salah sawijine katrampilan wicara sing samesteni nduweni seni utawa gaya kanggo narik kawigaten wong sing ngrungakna. Tanpa retorika, ceramah ora bakal bisa ngayuh tujuwan sing dikarepake. Kaya sayur tanpa uya. Sepa lan menehi tilas ing ati. Mula ceramah dianggep dadi obyek sing trep sajrone ndudhah teori retorika saka Aristoteles.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki asipat *kualitatif deskriptif*. Panliten kualitatif yaiku prosedur panliten, sing ngasilake dhata deskriptif utawa tembung-tembung katulis utawa lisan saka wong-wong lan perilaku sing bisa dideleng (Bogdan lan Tailor sajrone Moleong, 2012:4). Banjur ana maneh pamawas saka para ahli liyane, panliten kualitatif yaiku tradhisi tartamtu sajrone ilmu pengetahuan sosial, kang dadi dhasar gumantung saka pengamate manungsa sajrone kwasane lan sajrone menehi tetembungan.

Retorika Persuasif Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana sajrone Pengajian Umum ing Youtube iki mujudake panliten kualitatif sing nggunakake metodhe deskriptif. Pendekatan kualitatif condhong nggunakake analisis induktif yaiku proses

panliten sing luwih nengenake anggone menahi makna marang dhata informasi. Ciri saka pendekatan iki yaiku bentuk narasi sing sipate kreatif lan jero sarta naturalistik. Panliten iki nggunakake metodhe deskripsi kanthi tujuwan menahi deskripsi sing sistematis, faktual, lan aktual ngenani underan panliten sing dikaji. Kanthi metodhe deskriptif, panliten iki bakal njlentrehake kepriye retorika persuasif sing digunakake dening Ustadzah Kharisma Yogi Noviana sajrone ceramah agama.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata yaiku sumber dhata sing asale saka objek kang diteliti. Sumber dhata sing digunakake yaiku video ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana sing dijupuk saka youtube kanthi dhurasi kurang luwih sak jam. Cacahe video sing diteliti ana 3 video. Ceramah sing dipilih yaiku ceramah agama sing nduweni tema pengajian sing beda-beda ngelingi ceramah Ustadzah Kharisma Yogi Noviana sing diupload ing youtube cacahé durung akeh banget.

Dhata sajrone panliten iki yaiku retorika persuasif sing digunakake Ustadzah Kharisma Yogi Noviana nalika menahi ceramah agama ing pengajian umum utawa adhicara-adhicara tartamtu. Retorika persuasif tuwuh saka tuturan-tuturan Ustadzah Kharisma Yogi Noviana kang nggunakake basa Jawa logat Madiun lan Surabayaana nalika ceramah sajrone pangajian umum.

Teknik Nglumpukake Dhata

Sajrone panliten kualitatif, teknik nglumpukake dhata kang utama yaiku *teknik dokumentasi*. *Teknik dokumentasi* yaiku nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab sing arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, lengger, agenda, lan liya-liyane (Arikunto, 2013:274).

Sajrone ngumpulake dhata, panliten iki nggunakake teknik simak lan catet. Teknik simak ditindakake kanggo njingglengi dokumentasi dhata. Banjur, panliten nggunakake teknik catet sing ditindakake saperlu nranskrip dhata lisan nyang dhata tulis wiwit awal nganthi pungkasan kanthi wutuh. Transkrip dhata tulis nggampangake panliti metani uga montho-montho dhata selaras karo undheran panliten. Saka teknik kasebut bisa diasilake 3 transkrip dhata sing diperlokake kanggo dikaji saka aspek retorika persuasif.

Teknik Analisis Dhata

Analisis dhata yaiku upaya sing ditindakake kanggo nglasifikasikna gaya, tindak tutur ilokusi lan fungsi retorika utawa nggolongake dhata. Ing tahap iki, panliti nindakake upaya nggoleki kelompok, pepadhan, lan pepindhan dhata kanggo usaha nggolongake dhata (Mahsun, 2013:235).

Ing panliten iki, teknik analisis dhata sing digunakake panliti yaiku teknik analisis isi. Teknik analisis isi yaiku teknik sing digunakake kanggo narik dudutan liwat usaha nemokake wutuhe pesen sing ditindakake kanthi objektif lan sistematis (Holsti sajrone Maleong, 2012:220). Teknik iki ditindakake kanthi cara ndeskripsikake dhata selaras karo undheran panliten.

Cara nganalisis dhata sajrone panliten iki diperang dadi 3 yaiku analisis gaya, sasambungan, lan fungsi. Saka analisis gaya bisa diweruhi dhata kasebut nuduhake majas utawa analogi. Sawise mangerteni gaya banjur nganalisis sesambungan antarane gaya basa lan tindak tutur ilokusi sajrone ceramah. Pungkasan yaiku nganalisis fungsi ilokusi sing ngandhut aspek persuasif.

ASIL PANLITEN

Andharan iki ngandharake dhata saka asile panliten. Dhata kang dijlentrehake trep karo punjere panliten kang ana ing retorika persuasif sajrone ceramah agama ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia Youtube. Kayadene sing wis kapacak ing bab 1, ana 3 perangan sing dadi punjer sajrone panliten iki, yaiku 1) kepriye gaya retorika persuasif sajrone ceramah agama ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia Youtube. 2) kepriye sesambungan gaya basa lan tindak tutur ilokusi sajrone ceramah agama ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia Youtube, lan 3) kepriye fungsi retorika persuasif sajrone ceramah agama ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia Youtube. Saka rong punjer panliten lan asil transkrip 3 video ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana kasebut bisa antuk 105 dhata sing arupa gaya basa, tuturan ilokusi lan fungsi. Asil analisis dhata kasebut bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

Bentuk Retorika Persuasif sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing medhia Youtube

Gaya Retorika ceramah ustadzah Kharisma Yogi Noviana kalebu komunikasi monolog. Monolog yaiku bentuk saka kawujud komunikasi sing searah. Amarga sing dadi panutur sajrone ceramah mung wong siji yaiku Ustadzah Kharisma. Sajrone bentuk komunikasi monolog ora ana komunikasi walesan sehingga jamaah minangka pangrungu sing pasif bisa nampa materi ceramah kanthi luwih nresep lan mantep. Dadi pesen sing diwedharake sajrone ceramah bisa ditampa dening jamaah kanthi gampang. Nanging sajrone ceramah, Ustadzah sing nduweni ciri khas ceplas-ceplos tur endhel iki uga nuturake ukara imperatif marang para jamaah kanggo narik kawigatene jamaah. Lan uga kanggo ngukur sepira pemahamane jamaah marang materi sing diandharake.

Gaya ceramah Ustadzah Kharisma Yogi sing monolog iki uga diselengi kanthi panjlentrehan kahanan nyata jaman samenika. Tujuwane kanggo menahi gambaran kanggo para jamaah supaya luwih gampang nampa apa sing dikarepake. Uga ora kari tuladha-tuladha sing sajenis karo apa sing wis dijlentrehake. Saklorone nduweni paedah supaya jamaah luwih cepet nangkup apa sing dimaksud penceramah. Sehingga luwih gampang anggone mujudake apa sing dikarepake.

Basa sing digunakake Ustadzah Kharisma Yogi Noviana kalebu basa sing gampang dimangerteni tur ya narik kawigaten. Kalebu anggone nggunakake retorika basa sing apik nuwuhake daya utawa *respon* sing apik saka jamaah. Dadi jamaah ora bosen tur ya kepincut marang apa sing diandharake ustadzah Kharisma saka anane retorika basa sing digunakake. Saka dhata sing diteliti, ana papat gaya retorika persuasif yaiku persuasif nggunakake acuwana dalil, persuasif nggunakake majas,

persuasif nggunakake analogi, lan persuasif nggunakake lagu/swara. Persuasif nggunakake dalil yaiku gunane dalil (Al-Qur'an utawa hadist) sajrone tuturan ceramah kanggo mrabawani masyarakat supaya nindakake utawa ora nindakake apa sing dadi tujuwan dalil kasebut. Persuasif nggunakake majas yaiku nggunakake basa sing endah tur narik kawigaten sehingga jamaah bisa kaprabawan.

Persuasi Nggunakake Dalil (Al-Qur'an lan hadist)

Dalil sajrone retorika persuasif iki dadi salah sawijine acuan sing kuwat kanggo ndukung lan ngyakinake jamaah marang panjlentrehan sadurunge. Dalil Al-Qur'an lan hadist kanggone para muballigh dadi pusaka ampuh sing ora bisa dilawan maneh. Amarga bukti-bukti wis didukung karo sumber sing bisa dipercaya. Acuan sing kerep digunakake sajrone ceramah agama yaiku dalil amarga Al-Qur'an lan hadist dadi lelandhesane agama sing ora bisa diganggu gugat. Dadi daya prabawane kanggone para jamaah uga wis ora prelu ditakokake maneh. Retorika persuasif nggunakake acuan dalil ana ing dhata ngisor iki.

- (1) Perkara mati niku rahasiane Gusti Allah. Mati iku tekane ora ndadak ngenteni menungsa lara. Utawa mati iki ora dadak ngenteni nek wes tuwa. Seng jenenge titel mati utawa titel almarhum itu pantas bagi siapa saja. Ora perduli iku enom ora perduli tuwa apa sik cilik apa wis gedhe apamaneh tuwek. Iki nek ngomong perkara mati pantes. *Ainamaa takuunu yudri kumul mau tu walakuntum fii burujim musayyadah.* Dimana saja kamu berada, kematian akan mendapatkan kamu sekalipun kamu berada dalam benteng yg tinggi lagi kokoh. (LD1, K 175)

Dhata (1) njlenterake masalah mati sing nggunakake acuan dhalil Al-Qur'an (an-nisa:78). Tuturan dituturake lumantar lisan lan monolog dening Ustadzah Kharisma Yogi Noviana minangka panutur ing sajrone ceramah agama acara halal bihalal lan tasyakuran. Tuturan kasebut dituturake kanthi swara sing cetha, teges, mandhes, lan ana penekanan-penekanan ing tembung tartamtu. Tuturan kasebut dituturake nggunakake ekspresi mencureng lan nadha sing rada dhuwur. Nuduhake yen perkara mati iki bab sing serius lan medeni.

Dhata kasebut nduweni maksud ngandhani mitra tutur utawa jamaah yen mati iku perkara sing wajib lan pasti. Pethikan surat an-nas ayat 78 iki tujuwane kanggo mbujuk jamaah supaya eling marang kematian lan gelem nggunakake waktu kanthi becik. Kanthi ayat kasebut jamaah bisa mangerteni yen manungsa iku ora bisa mlayu

sak takdir mati, senajan toh wis ngupaya nganti sengedan na nggone benteng sing dhuwur lan kuwat. Kuwasane Gusti Allah sajrone netepake pati iku ora bisa dicegah lan diakali kepiye wae toh usahane. Kanthi acuan ayat kasebut jamaah dipersuasi supaya eling karo mati. Eling karo kuwasane Gusti sing nggawe pati. Lan uga ngelingake jamaah yen mati iku pasti bakal teka ora ndadak leren taren gelem apa ora. Acuan ayat kasebut digunakake sajrone ceramah sing nduweni tema syukur sehingga isih kalebu cocok amarga eling mati uga salah siji bagiyane saka syukur. Ayat kasebut uga cundhuk karo panjlentrehan masalah pati.

Persuasi Nggunakake Lelewane Basa (Majas)

Lelewane basa utawa gaya nduweni sesambungan karo kaendahan. Wiwit saka iku lelewane basa dadi salah sawijine bab wigati sing kudu dimangerteni dening penceramah. Gaya bisa menahi kaendahan sajrone basa, nyetakake maksud sing arep diwedharna, lan menahi daya sing bisa njurung jamaah supaya kaprabawan banjur nindakake nasihat utawa anjuran penceramah. gaya basa umume kinandhut sajrone puisi. Mula akeh sing madhakna gaya basa karo puisi senajan toh sejatine beda. Miturut Darni (2003) puisi dibentuk saka tetembungan sing kebak makna lan maksud sing kasirat. Miturut Puspitasari, dkk (2015) Geguritan yaiku wujud sastra tulis kang nduweni unsur fiksi lan nggunakake rekadaya lan lelewane basa ing reriptane. Dideleng saka bentuke, gaya basa sajrone geguritan lan tuturan ceramah iku beda. Nanging kekarone nduweni dhasar estetika sing padha yaiku medharake pamikiran utawa maksud kanthi nggunakake tembung sing endah sehingga bisa narik kawigaten.

Gaya basa sing ditemokake bakal dianalisis miturut sesambungane karo tindak tutur ilokusi *asertif, direktif, komisif, ekspresif,* lan *deklarasi.* Kanthi pragmatis dhata dianalisis kanthi carane medharake maksud tuturan, wujud ukara sarta tujuwan tuturan uga diwedharake kabeh ing analisis. Adhedhasar dhata, tinemu sepuluh jinis gaya basa sing digunakake sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana. Kalebu perulangan, pertentangan, penegasan. Panjlentrehane kaya ing ngisor iki.

Gaya Basa Perulangan (Repetisi)

Gaya basa perulangan yaiku gaya basa sing mbaleni tetembungan. Kalebu ing ngarep, tengah, lan mburi. Gaya basa perulangan digunakake kanggo menahi kaendahan sajrone ceramah. Tujuwane saliyan kanggo narik kawigaten jamaah uga nduweni tujuwan supaya apa sing diwedharake bisa ditampa kanthi basa sing alus. Adhedhasar dhata, ditemokake gaya basa perulangan. Antarane yaiku anadiplosis, anafora, epizeukis, simploke, mesodiplosis, epanalepsis, tautotes, lan epifora. Lelewane basa dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

Anadiplosis

Anadiplosis yaiku nggunakake tembung utawa frasa pungkasan saka klausa utawa ukara dadi tembung utawa klausa wiwitan saka klausa utawa ukara sabanjure.

- (2) Monggo kemerdekaan sami dijaga niki Pak Lurah muga-muga anggenipun mimpin masyarakat sidomukti bener-bener diati-ati. Mugi-mugi saged amanah, mugi-mugi Pak Lurah saged koyok pemimpin **Ki Lurah Semar** Badranaya. **Ki Semar** niku nek nanggone crita pewayangan lambange ulama. **Semar** iku digambarake kabeh sarwa gedhe. Wetenge gedhe, bokonge gedhe, mike gedhe. Nuwun sewu kening napa kok koyok Ki Lurah **Semar** Badranaya? **Semar** niku wetenge mblendhung, gedhe. Tegese pemimpin niku neng ngarep kudu sung tuladha. (LD2, K 203)

Dhata (2) mujudake tuturan sing nggunakake majas repetisi ing tembung *Semar*. Tembung *Semar* sajrone frasa pungkasan dibaleni ing wiwitan ukara. Tembung *Semar* kasebut dibaleni kanthi tujuwane nuduhake punjer ing tuturan iki yaiku Ki Semar Badranaya. Panutur awèh tuladha bab pemimpin sing apik lan bisa dadi panutan. Ki Semar sajrone tokoh pewayangan mujudake gegambaran pemimpin sing bisa dadi tuladha. Fokus sajrone tuturan iki yaiku Pak Lurah sing mimpin desa Sidomukti supaya bisa narik dudutan saka gegambarane Semar sing sarwa gedhe. Paedhae yaiku menèhi wawasan marang jamaah yen pemimpin iku kudune nduweni sipat lan watak sing gedhe. Gedhe maksute yaiku bisa ngayomi, ngayemi, lan nganyepi rakyaté. Pemimpin sing amanah lan jujur.

Dhata (2) kalebu tindak tutur ilokusi direktif *mrentah*. Ilokusi direktif yaiku tuturan sing bisa nuwuhake daya sing ditindakake mitra tutur. Maksute saka tuturan ilokusi direktif mitra tutur bisa nindakake pakaryan senajan ora langsung sebab anane daya sajrone tuturan. Sesambungan antara gaya basa simploté yaiku sajrone medharake maksud kanthi tuturan ilokusi direktif iki pamicara bisa nggunakake gaya basa supaya gampang anggongone nggambarake lan nyethakna maksud tuturan.

Tuturan (2) diwedharake kanthi samudana. Tuturan kasebut diarani samudana sebab antarane maksud kang pengin diwedharake dening pamicara ora padha karo apa kang diomongake. Dhata (2) ing ndhuwur ditujokake dening pawicara marang pemimpin mligine lurah. Lurah disebut sebab mujudake pimpinan tertinggi ing desa kasebut. Wujud ukara kang digunakake dening pamicara kanggo mrentah yaiku ukara crita. Lewat gegambaran saka gaya basa pamicara bisa nyiratake pesen marang pemimpin supaya niru lakon pewayangan semar badronoyo. Ing pewayangan tokoh semar digambarake sarwa gedhe. Tegese pemimpin iku kudu nduweni jiwa sing gede nanging ora rumangsa gedhe.

Gaya Basa Pertentangan (Cengkahan) : Antitesis

Gaya basa Pertentangan yaiku gaya basa sing tetembungane ora cundhuk utawa utowo kosok balene tetembungan sing ana. Sajrone panliten iki ditemokake mung siji majas sing kalebu jenis Pertentangan yaiku majas Antitesis. Antitesis yaiku majas sing nyandhingake tetandhingan tembung lan kosok balene.

- (3) Saben-saben sing kanggonan nyawa, sok mesti bakale mati. Wong mati iku perkara wajib kok. Kabeh iku mbesok mesti bakale mati, sing **enom** mati, sing **cilik** mati, sing **gede** mati, sing **tuwa** yo mati, sing **sugih** yo mati, sing **mlarat** mati, presiden mati, mentri mati, gubernur mati, bupati mati, camat mati, apamanèh lurah. Yo mati. Nyuwun sewu pak lurah. (LD2, K 201)

Dhata (3) mujudake ukara sing nggunakake majas antitesis yen disawang saka tetandhingane. Tembung “enom lan tuwa”, “cilik apa gedhe”, lan “sugih apa mlarat” nuduhake tetembungan sing nduweni teges sewalike. Isine panutur kepengin nuduhake yen mbesok kabeh bakale mati. Ora perduli cilik gedhe, sogeh mlarat, apamanèh pejabat. Padha wae mbesok bakal mati. Penekanan tembung lurah digawe hiburan supaya tuturan kasebut ora katon serius nemen. Amarga ing pengajian sing hadir yaiku Pak Lurah mula sing dadi tuladha saka pejabat ya Pak Lurah. Pangeling bab mati iki ditegesake sawise panutur nuduhake dalil bab mati. Mula cerita iki nyata anane sebab perkara mati iki samubarang sing pasti. Kanthi mrabawani jamaah liwat gegambaran umum sing nyata, panutur nduweni karep supaya padha eling bab mati.

Dhata (3) kalebu tindak tutur ilokusi komisif *njanjeni*. Ilokusi komisif yaiku ilokusi sing ndadekake mitra tutur kaiket karo sawijine tumindak ing mangsa kang bakal tumeka. Tuturan diwedharake kanthi samudana. Sesambungan antara gaya basa antitesis yaiku sajrone medharake maksud kanthi tuturan ilokusi komisif iki pamicara bisa nggunakake gaya basa supaya gampang anggongone nggambarake lan nyethakna maksud tuturan. Tuturan kasebut diarani samudana sebab antarane maksud kang pengin diwedharake dening pamicara ora padha karo apa kang diomongake. Dhata ing ndhuwur ditujokake dening pawicara marang mitrawicara sing sipate umum. Maksude umum yaiku sapa wae bisa nampa tuturan kasebut. Wujud ukara kang digunakake dening pamicara kanggo njanjeni yaiku ukara crita. Maksud saka tuturan ing ndhuwur yaiku janji babagan tekane mati. Ora perduli umur lan pangkat, yen ngomongake janjine Gusti Allah ngenani mati iki wis pasthi lan ora ana negosiasi. Janji iki sipate bener sebab kapacak ing AlQuran minangka kalamullah.

Gaya Basa Perbandhingan (Tetandhingan)

Gaya basa Tetandhingan yaiku basa kiyasan sing nuduhake tetandhingan kanthi tujuwan narik kawigaten utawa mrabawani lawan tutur. Saka panliten iki ditemokake telu gaya basa penegasan, yaiku Hiperboloa, Simile, lan Metafora. Majas-majas kasebut bakal dianalisis kaya ing ngisor iki.

Hiperbola

Majas hiperbola yaiku sawijine majas tetandhingan sing luwih saka kasunyatanane. Kanthi maksud menahi kesan utawa narik kawigatene jamaah.

- (4) Sing wedok ya ngunu, na nggone masjid baju baru dipakek. Gelang kalung **sak lemari** digawe kabeh. Mbok gelang teko **sak sikut** yo digawe. (LD1, K 180)

Dhata (4) nggunakake majas hiperbola. Majas hiperbola yaiku kalebu jinise majas tetandhingan. Cirine ngluwih-luwihake utawa nggumedhekake samubarang karo tetembungan sing ora lumrah. Tuturan (4) majas hiperbola dituduhake saka tembung “sak lemari” lan “sak sikut”. Lumrahe ora mungkin gelang sak lemari digawe kabeh. Maksud sak lemari tegese akeh. Semono uga gelang sak sikut. Kasunyatanane ora mungkin nggawe sampek sikut. Dadi majas hiperbola iki fungsine nuduhake yen apa sing digawe iki akeh. Isi tuturan iki panutur kepengin menahi nasehat marang jamaah ibu-ibu supaya nalika sholat idhul fitri gelang lan perhiasane ora usah digawe akeh-akeh. Nggawe perhiasan oleh nanging ya sak lumrahe. Merga niate kan arep sholat dudu arep na pesta.

Dhata (4) kalebu tindak tutur ilokusi ekspresif *nyalahake*. Ilokusi ekspresif yaiku ilokusi sing nuduhake sikap psikologis mitra tutur marang apa sing kasirat sajrone ilokusi. Maksud tuturan sing ngemu ekspresi saka tuturan sing diandharake panutur. Sesambungan antara gaya basa hiperbola yaiku sajrone medharake maksud kanthi tuturan ilokusi ekspresif iki pamicara bisa nggunakake gaya basa supaya gampang anggane nggambarake lan nyethakna maksud tuturan. Tuturan diwedharake kanthi samudana. Tuturan kasebut diarani samudana sebab antarane maksud kang pengin diwedharake dening pamicara ora padha karo apa kang diomongake. Dhata ing ndhuwur ditujokake dening pawicara marang mitrawicara sing sipate mligi marang wong wadon. Wujud ukara kang digunakake dening pamicara kanggo nyalahake yaiku ukara pawarta. Maksud tuturan ilokusi kasebut kepengin nyalahake tumindake wong wadon sing nalika sembayang idul fitri banjur nggawe perhiasan sing keliwat bates. Dituturake kanthi majas hiperbola “gelang kalung sak lemari” nuduhake yen pamicara nyalahake tumindake wong wadon sing nduweni pakulinan seneng pamer harta bendha.

Analogi yaiku tetandhingan antarane rong perkara utawa luwih kanggo nuduhake bab sing padha utawa tetandhingan. Ana rong macem analogi, yaiku harfiah lan kiasan. Dhata ing nisor iki bakal njlentrehake analogi sing ana sajrone ceramah agama ustadzah kharisma yogi noviana.

ANALOGI

Analogi Harfiah

Analogi harfiah yaiku tetandhingan antarane objek-objek saka kelompok sing padha amarga ana pepadhan sajrone aspek tartamtu. Kayadene mbandhingake antarane manungsa karo kethek kanthi biologis. Dhata sing nuduhake analogi harfiah bisa dideleng kaya ing nisor iki.

- (5) dusa iku ora bakal iso ilang ning bisa ditutupi. Njenengan sedaya ing omah padha nggadhah bantal napa mboten? Nggadhah nggih? Bantale njenengan rupane pripun buk? Ohh..ra karu2an bantale. Wes apek, letheke, amoh, pulone akeh. La kileran nganti njamur barang ngunu zo? Keneke kringet lan sapiturute. Wes ra karu2an pokoke. Tapi nggih nuwun sewu. Bantal sing apek, letheke, amoh niki wau umpamane ditutupi karo sawal bantal utawa sarung bantal sing resik rupane yo apik bar diumbah ambune wangi tur seger. Bantal sing apek niki wau ora bakal ketok. Enggih napa mboten? Dosane awake dewe iki yo ngunu. (LD1, K 176)

Dhata (5) nuduhake tetandhingan sing diandharake penceramah arupa Analogi Harfiah. Tuturan kasebut menahi wawasan bab dosa sing ditandhingane karo bantal sing amoh. Bantal sing amoh iki ora bakal bisa ilang wujud eleke nanging bisa ditutupi nganggo sruwal bantal supaya ora katon eleke. Semono uga dosa. Ora bakal bisa ilang nanging bisa ditutupi. Carane nutupi yaiku kanthi nindakake ibadah lan ngakeh-ngakehake amal supaya dosa iku mau bisa ketutupan karo ganjaran.

Analogi Kiyasan

Analogi kiasan yaiku mbandhingake objek-objek saka kelompok sing ora padha. Kayata pepindhan sajrone kitab suci Al-Qur'an utawa injil. Dhata sing nuduhake analogi harfiah bisa dideleng kaya ing nisor iki.

- (6) Ayo sing rukun. Jo podo tukar padu. Rukun kaya dene driji lima. Beda-beda bentuke

beda tugase ning gelem rukun. Jempolan jari telunjuk jari tengah jari manis kelingking. Iki beda bentuke nanging gak tau merinan. Jempolan wi tugase paling apik. Monggo kulo aturi pinarak. Monggo ingkang dipun dhahar. Ki jempolan ora driji. Driji tugase duding2. Penyanyine na kunu . karisma neng kene. Pak lurah ten ngriku. (LD1, K 185)

Dhata (6) nggunakake analogi kiyasan kanggo njlentrehake maksude penceramah. Tuturan iki menahi pamawas bab kerukunan. Dadi kerukunan diibaratna kayaden driji lima sing beda-beda bentuke nanging ora tau satru antara siji lan sijine. kabeh nduweni tugas dhewe-dhewe sehingga manungsa bisa nindakake pakaryan kanti nggunakake tangan. Ora tau satru lan ora tau meri marang tugawe driji liyane. Dadi wong kudune ngunu, bisa manut ilmune driji. Sing bisa rukun senajan kabeh beda.

Fungsi Retorika Persuasif sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing Medhia Youtube.

Tindak Tutur minangka perangan saka satuan basa umume nduweni fungsi sajrone tuturane. Fungsi kasebut bisa wae arupa pesen kasurat utawa kasirat. Semono uga ceramah agama sing diwedharake Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing pengajian umume. Anane komunikasi antara penceramah lan jamaah nduweni tujuwan kanggo njurung utawa ngajak para jamaah nindakake lakon becik(positif). Tuturan sajrone ceramah bisa nuwuhake praanggapan sing beda tumrap para mitrawicarane. Miturut Surana (2016) praanggapan yaiku anggapan dhasar utawa simpulan dhasar ngenani konteks lan situasi basa sing ndadekake bentuk basa bisa nuwuhake makna tumrap mitrawicarane. Pranggapan bisa mbantu pawicara namtokake bentuk-bentuk basa utawa tembung kanggo medharake pesen sing dikarepake. Wiwit saka pamikiran kasebut retorika persuasif dianggep bisa mrabawani jamaah. Fungsi kasebut mujudake fungsi umum retorika persuasif sajrone ceramah agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana.

Ndeleng saka dhata fungsi retorika persuasif sing digunakake penceramah sajrone menahi pengajian ditemokake 10 fungsi retorika persuasif sing digunakake penceramah. 10 fungsi kasebut antarane yaiku pawarta, pranyatan, laporan, prentah, akon, pratikel, pujian, kritik, lan panglipur.

Pawarta

Fungsi pawarta(informasi) yaiku fungsi retorika sing tujuwane menahi pawarta kanggo wong sing ngrungokna. Pawarta utawa informasi kasebut arupa berita utawa pamawas sing nyata, aktual, lan bisa ditampa dening khalayak umum.

(7) Kadhang-kadhang wonten malih bodo kari sesuk ae luh wes kedhisikan mati. Utawa

wonten malih kadhang baru saja merayakan hari raya idul fitri sehari ketemu bodo kepindho ternyata nyowone dipun pendhet kaliyan gusti Allah. Nggih pirang2. Koyodene seng keno musibah dateng nggone jogja pesawat ceblok niku nggih napa mboten? Niku nyawa dipun pendhet kaliyan gusti Allah.(LD1, K 175)

Dhata (7) nuduhake tuturan sing ngandhut fungsi pawarta/informasi. Kanthi tuturan kasebut penceramah kepengin nuduhake marang jamaah bab syukur nalika isih bisa menangi dina riyaya. Sebab musibah utawa pati iku bisa teka kapan wae. Apamaneh Dikuwatake kanthi pawarta pesawat ceblok ing jogja. Nggambarake yen mati iku bisa teka kapan wae. Mula isih bisa menangi dina riyaya kudune kerep-kerep ngucap syukur.

Akon

Tindak Tutur Akon yaiku tindak tutur sing ditindakake panutur marang mitra tutur sing isine ngenani ajakan sajrone tumindak utawa pamikiran sing selaras karo apa sing dikarepake panutur. Tuturan sing nduweni fungsi ngajak samesthine arupa ajakan ing dalan sing bener yaiku sing cundhuk karo agama Islam. Dhata sing kalebu tindak tutur ngajak bisa dideleg kaya ing nisor iki.

(8) Mangkane monggo mumpung sik urip nggoleko bekale urip sing besok bakal digowo kanggo sangune mati. Sebab mati sing sampun atus kula aturaken iku hukume wajib. Tegese gelem yo mati ora gelem yo tetep budhal.(LD1, K 175)

Dhata (8) kalebu tindak tutur ngajak sebab tuturan sing diwedharake nduweni maksud supaya mitra tutur gelem nindakake pakaryan sing dikarepake panutur. Tuturan kasebut isine ngandharake pawarta ngenani kedadeyan sing dumadi ing lapangan. Banjur ditambahi tetembungan sing nduweni daya persuasi sing bisa nuwuhake maksud yen sejatine panutur kepengin ngajak jamaah. Dibuktekake karo ukara “*Mangkane monggo mumpung sik urip nggoleko bekale urip sing besok bakal digowo kanggo sangune mati.*”Tuturan kasebut dituturake lumantar lisan lan monolog dening Ustadzah Kharisma Yogi Noviana minangka panutur marang jamaahe minangka mitra tutur. Tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, lan ana penekanan-penekanan ing tembung tartamtu. Ekspresi serius nanging kanthi swasana santai.

Dhata kasebut nduweni maksud ngajak marang mitra tutur supaya gelem nggolek sangune mati, yaiku kanthi ibadah lan ngamal sholeh. Sebab mati iku bisa teka kapan wae. Kanthi micara kaya mangkono kuwi, panutur nduweni kecarepan tumrap mitra tutur supaya

mitra tutur eling bab pati sing wis pasti. Panutur uga nduweni kekarepan supaya sawise ngrungokna pengajian iki yen sing sadurunge arang ngamal ibadah bisa luwih sregep sebab eling anane mati. Kekarepane panutur marang mitra tutur kasebut diarani tindak tutur ilokusi. Sebab panutur nduweni maksud liya tumrap tuturan kang dituturake marang mitra tutur. Materi ceramah uga nduweni gegayutan karo kahanan masyarakat desa kasebut.

Panglipur

Tindak Tutur sing dituturake penceramah uga nduweni fungsi guyon. Guyon bisa kalebu hiburan sing tujuwane kanggo nglipur para jamah supaya ora bosen lan tetep semangat ngrungokna ceramah. Guyonan biyasa yaiku guyonan sing ora nduweni maksud tartamtu kejaba mung kepengin nggawe mitra tutur ngguyu utawa mung kanggo lelipur. Guyonan biyasane isine ngandhut kedadeyan utawa pristiwa anget ing masyarakat. Dhata sing kalebu tindak tutur micara bisa dideleg kaya ing nisor iki.

- (9) ehh gaya nalikane ramadhan ngenekne buber. Padahal sing ndhisek lak ra enek buber ya?. Hemm jaman cilikanku biyen buber ra enek kok. Bubur eneng. (LD1, K 175)

Dhata (9) kalebu tindak tutur sing nduweni fungsi kanggo nglipur jamaah. Tuturan kasebut isine ngandhut guyonan biyasa. Maksute guyonan sing tujuwane sawetara mung kanggo nyegerake swasana. Ora ana maksud liya saka anane guyonan kasebut. Dibuktakake karo ukara "**Hemm jaman cilikanku biyen buber ra enek kok. Bubur eneng.**" Tuturan kasebut dituturake lumantar lisan lan monolog dening Ustadzah Kharisma Yogi Noviana minangka panutur marang jamaahe minangka mitra tutur. Tuturan kasebut dituturake kanthi swara cetha, teges, lan ana penekanan-penekanan ing tembung tartamtu. Ekspresi serius lan swasana santai.

Dudutan

Adhedhasar asile panliten Retorika Persuasif sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing Medhia Youtube bisa ditemokake 67 dhata. Kanthi peprincen 37 bentuk gaya retorika persuasif lan 31 fungsi retorika persuasif sajrone ceramah.

Gaya retorika persuasif sing ditemokake diperang saka telu bentuk. Yaiku dhalil, gaya basa, lan analogi. Dhalil sing ditemokake arupa pethikan saking Al-Qur'an lan Hadist. Lelewane basa sing kinandhut sajrone ceramah disusun saka majas repetisi yaiku anadiplosis, anafora, epizeuksis, simpleke, mesodiplosis, epanalipsis, tautotes, lan epifora. Gaya basa cengkahan mung ditemokake siji, yaiku majas antitesis. Lan gaya basa tetandhingan ditemokake rong majas, yaiku hiperbola lan sinisme. Dadi totale ana 10 jinis majas. Saka sekabegane dhata majas sing ditemokake bisa disimpulake lelewane basa sing kerep digunakake penceramah yaiku anafora amarga penceramah kepengin menahi tegesan/penguwat tembung utawa frasa sajrone klausa utawa ukara sing diwedharake marang jamaah

supaya nuwuhake kawigatene jamaah saka tetembungan utawa frasa sing kerep dibaleni. Saliyane kanggo paneges, lelewane basa kasebut nduweni fungsi supaya jamaah gampang eling marang apa sing diwedharake penceramah. Kanthi ngucapkake tembung utawa frasa sing nduweni penekanan dikarepake bisa paham maksud saka tuturane penceramah. Analogi sing ditemokake panliten yaiku analogi harfiah lan kiyasan. Analogi sing digunakake yaiku arupa kisah nabi, kagiyatan manungsa sajrone urip bebrayan lan gegambaran samubarang sajrone kauripan. Analogi kasebut nduweni tujuwan kanggo mrabawani(persuasi) jamaah saka analogi sing digambarake kanthi langsung utawa ora langsung.

Tindak Tutur Ilokusi sing nduweni sesambungan karo gaya basa retorika ditemokake 13 jinis yaiku pranyatan, panemu, bombong, sambat, lapuran, akon, pakon, pratikel, janji, nacat, pujian, nepsu, lan ngakoni. Sing pungkasan yaiku fungsi retorika persuasif sajrone ceramah ditemokake 10 perangan. Fungsi kasebut kayata pawarta, pranyatan, lapuran, prentah, akon, pratikel, pujian, kritik, lan panglipur.

Pamrayoga

Adhedhasar asil panliten ngenani Retorika Persuasif sajrone Ceramah Agama Ustadzah Kharisma Yogi Noviana ing Medhia Youtube, panliti ngarepake ing panliten sabanjure supaya teori retorika bisa dikembangake lan didhudhah maneh luwih jangkep slan luwih sampurna. Panliti rumangsa isih akeh kakurangan sajrone nulis panliten iki mula dikarepake bisa dadi koreksi lan pasinaon kanggone para panliten sabanjure. saliyane iku perlu panliten lanjutan sing luwih spesifik ngenani retorika persuasif, ora mung sajrone ceramah agama nanging uga dhata liya. Asil panliten iki uga dikarepake bisa dimanfaatake kanggo materi wicara ing pasinaon basa Jawa ing SMP lan SMA.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Darni. (2003). *Penyair wanita sastra Jawa modern, tahun 1990-1995: laporan penelitian studi kajian wanita*. Lembaga Penelitian, Universitas Negeri Surabaya.
- Effendy, Onung Uchjana. 2003. *Ilmu, Teori dan Filsafat Komunikasi*. Bandung: PT Citra Aditya Bakti.
- Keraf, Gorys. 1993. *Tatabahasa Rujukan Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Grasindo.
- Hendrikus, Dori Wuwur. 1991. *Retorika Terampil Berpidato, Berdiskusi, Berargumentasi, Bernegosiasi*. Jakarta: Gramedia Pusaka Utama.

- Kamisa, 1997. *Kamus Lengkap Bahasa Indonesia*. Surabaya: Kartika.
- Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kutha Ratna, Nyoman. 2009. *Stilistika: Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar.
- Lubis, Basrah. 1997. *Metodologi dan Retorika Da'wah*. Jakarta: CV Tursina.
- Mahsun. 2013. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Moleong, lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Musyafa. 2009. "Retorika Dakwah Suyanto S. Ag. Dalam Pengajian". Skripsi ora diterbitake. Yogyakarta. KPI UIN Yogyakarta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajahmada University Press.
- Oka, I Gusti Ngurah. 1990. *Retorik: Kiat Bertutur*. Malang. Yayasan Asih Asah Asuh Malang.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode, Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rakhmat, Jalaludin. 2012. *Retotika Modern: Pendekatan Praktis*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Raudhonah. 2007. *Ilmu Komunikasi*. Jakarta. UIN Jakarta Press.
- Sudaryanto, 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa (Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarno. 2013. "Retorika Persuasi Sebagai Upaya Mempengaruhi Jamaah pada Teks Khotbah Jumat". Skripsi tidak diterbitkan. Jember: FS Unej.
- SURANA, S., HUM, M., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. (2015). *VARIASI BAHASA DALAM STIKER HUMOR* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada).
- Surana, S. (2017). *INFERENSI DAN PROBLEMATIKA PEMBELAJARAN ANALISIS WACANA. FKIP e-PROCEEDING*, 237-244.
- Puspitasari, M., & Basir, D. U. P. M. (2015). Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Geguritan Bakal Terus Gumebyar anggitane Suci Hadi Suwita (Tintingan Stilistika). *Jurnal Mahasiswa Teknologi Pendidikan*, 3(3).
- Widayatno, P., Surana, & Mardikantoro, H. B. (2007). *Satuan bahasa-nya dalam bahasa Indonesia: laporan penelitian dosen muda*. Jurusan Pend. Bahasa dan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Zainal Abidin, Yusuf. 2013. *Pengantar Retorika*. Bandung: CV Pustaka Setia.